



Pou Piblikasyon Imedya: 06/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KONSTRIKSYON KI ANKOU NAN PWOJÈ LOJMAN  
KI KOUTE 60 MILYON NAN BRONX POU KREYE 83 APATMAN ABÒDAB AK SIPÒ  
POU GRANMOUN AJE**

***El Hogar Residence pral genyen sèvis sipò sou plas, sèvis entènèt wo debi gratis,  
mezi efikasite enèji***

***Eta New York te kreye oswa prezève prèske 14,000 Kay nan Bronx pandan senkan  
ki sot pase yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a konstriksyon te kòmanse nan El Hogar Residence, yon bilding apatman ki gen 83 inite abòdab nan Bronx. Devlopman 60 milyon dola a gen ladann apatman pou fanmi granmoun ki gen revni fèb ak ansyen sanzabri ki gen laj 55 ane oswa plis. Nan senk ane pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te kreye oswa prezève apeprè 14,000 lojman nan pri abòdab nan Bronx. El Hogar kontinye efò sa a epi li konplete Plan Lojman Gouvènè Hochul pou 25 milya dola ki pral konstwi oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York, ki gen ladan 10,000 kay ak sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

"N ap ogmante rezèv lojman pou Nouyòkè yo nan tout etap nan lavi epi El Hogar pral bay apatman modèn ak abòdab nan Bronx pou rezidan ki aje yo ka viv san danje epi an sekirite nan kominote yo chwazi a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Devlopman sa a demontre angajman nou pou investi nan lojman ki ranfòse kominote nou yo epi ki fè chak rejyon New York vin yon kote ki pi abòdab epi ki pi an sante."

Tout apatman abòdab ki nan El Hogar yo pral disponib pou fanmi granmoun aje k ap touche jiska 40 pousan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) lan. Trant-de nan apatman yo pral rezève pou granmoun aje ki gen 62 zan oswa plis. Senkant nan apatman yo pral rezève pou ansyen sanzabri ki gen laj 55 ane oswa plis ki pral resevwa sèvis sipò sou plas ke Comunilife bay ki gen ladan sèvis jesyon ka, pwogram lwazi ak sèvis sante. Comunilife se pwomotè rezidans lan tou.

Devlopman an pral gen ladan tou plizyè inite ki totalman aksesib ki pral adapte pou granmoun aje ki gen pwoblèm mobilite, ansanm ak inite ki pral ekipe pou granmoun aje ki gen pwoblèm tandè ak/oswa vizyèl. Bilding lan pral gen yon chanm kominotè ak yon

kwizin, yon sal òdinatè ak espas vèt nan lakou a epi tout rezidan yo pral jwenn entènèt wo debi gratis.

El Hogar pral gen ekipman dirab ak efikas pou enèji tankou chofaj, refwadisman ak dlo cho ki konpètman elektrik. Aparèy ak ekleraj yo pral satisfè oswa depase sètifika Energy Star ak Enterprise Green Communities la.

Rezidans El Hogar jwenn sipò nèf pousan pwogram nan Kredi Taks pou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la ki prevwa jenere apeprè 19.5 milyon dola nan ekite, ansanm ak yon prè 10.4 milyon dola ki soti nan Fon pou Fidisi Lojman pou Moun ki gen Revni Ba ak yon 1.3. milyon dola nan Fon pou Fidisi Lojman (Housing Trust Fund) Federal la.

Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman (Department of Housing Preservation and Development) Vil New York pral bay 11.5 milyon dola atravè pwogram Apatman nan Pri Abòdab pou Lwe pou Granmoun (Senior Affordable Rental Apartments) li a. Biwo Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York la pral bay 5.9 milyon dola k ap soti nan Kòporasyon Lojman ak Asistans pou Sanzabri li a. Se Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) ki bay finansman fonksyonman pou 50 inite sipò yo epi Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote pral bay 32 inite asistans pou lokasyon ki baze sou pwojè. Pwojè a te resevwa tou yon sibvansyon kapital diskresyonè 700,000 dola nan men Prezidan Minisipalite Bronx lan, Vanessa Gibson, ak Manm Konsèy Vil New York la, Oswald Feliz.

### **Agenda Lojman Gouvènè Hochul la.**

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman New York la epi fè eta a vin pi abòdab ak pi fasil pou tout Nouyòkè yo. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 25 la, Gouvènè a te jwenn yon akò enpòtan pou ogmante rezèv lojman New York la atravè nouvo ankourajman taks pou kominote nan Nò Eta yo, nouvo ankourajman ak soulajman ki soti nan kèk restriksyon Eta enpoze pou kreye plis lojman nan Vil New York, yon fon kapital 500 milyon dola pou konstwi 15,000 nouvo kay sou pwopriyete eta a, yon lòt 600 milyon dola nan finansman pou sipòte yon varyete devlopman lojman nan tout eta a, ak nouvo pwoteksyon pou lokatè pwopriyete yo. Anplis de sa, nan kad bidjè ane fiskal 2023 adopte a, Gouvènè a te anonse yon Plan Lojman senkan, 25 milya dola pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a. Yo te bati oswa prezève plis pase 40,000 kay jiska dat.

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare** "Nouyòkè tout laj yo merite yon kote ki modèn, ki abòdab pou yo viv, epi pwojè 60 milyon dola sa a pral benefisyè dirèkteman 80 fanmi granmoun aje yo. Travay kontinyèl nou an nan Bronx la enpòtan anpil pou abòde kriz lojman nan minisipalite a pandan n ap asire n ap bay granmoun aje vilnerab sèvis sosyal sou plas pou yo ka kenbe endepandans yo epi viv alèz nan tan k ap vini an. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li nan travay enpòtan sa a nan chak rejyon nan eta a."

**Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape a, Barbara C. Guinn, te deklare,** "Envestisman Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) yo nan El Hogar Residence nan Bronx pral bay granmoun aje ki te sanzabri yo yon lojman ki estab, abòdab ki nesesè anpil ak aksè fasil ak sèvis sipò esansyèl yo bezwen pou yo viv an sekirite epi ki bay satisfasyon. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou angajman fèm li pou elaji rezèv lojman sipò pèmanan atravè Eta New York epi paske li se yon defansè fawouch pou Nouyòkè ki te fè eksperyans sanzabri yo."

**Senatè Eta a, Gustavo Rivera te deklare,** "Mwen kontan dèske yo konstwi El Hogar Residence nan distri mwen an pou vwazen ki aje nou yo ki nan tranch revni ki pi ba yo ki gen difikilte pou jwenn lojman abòdab. Devlopman sa a pral ofri sèvis Comunilife bay moun ki nan bezwen, asire establite alontèm yo, epi li se yon modèl pou konstriksyon dirab kòm yon bilding ki konplètman elektrik. Mwen felisite Administrasyon Hochul la, Comunilife, ak patnè yo paske yo te envesti nan yon abòdabilite nan Bronx epi paske yo ede kèk nan Nouyòkè ki pi vilnerab yo pwospere."

**Manm Asanble Yudelka Tapia te deklare,** "Konstriksyon El Hogar se yon etap enpòtan nan pote lojman abòdab ki nesesè anpil pou granmoun aje yo nan Bronx. Avèk yon revni per capita jis 18,802 dola ak 96 pousan nan rezidan distri mwen an ki se lokatè, bezwen pou lojman ki bay diyite, abòdab pa janm te pi gwo. Youn nan pi gwo enkyetid biwo mwen an se eseye jwenn opsyon lojman abòdab pou granmoun aje nou yo paske li esansyèl pou granmoun aje nou yo, ki te kontribye anpil nan ekonomi nou an ak kominote a, ka pran retrèt ak diyite. El Hogar non sèlman adrese bezwen ijan sa a, men tou asire ke 50 nan 83 inite yo pral bay sèvis sipò enpòtan pou moun ki plis bezwen yo. Devlopman sa a se yon temwayaj sou angajman nou pou sipòte rezidan ki pi vilnerab nou yo ak bati yon Bronx ki pi solid, ki pi enklizif. Mwen ta renmen remèsye sensèman Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a pou sipò ak devouman enkondisyonèl yo pou fè pwojè sa a vin yon reyalite."

**Prezidan Minisipalite Bronx lan, Vanessa Gibson, te deklare,** "Jodi a, nou selebre yon etap enpòtan pou kominote nou an. Nouvo bilding 83 inite sa a pou granmoun aje nou yo make yon etap ki enpòtan anpil nan abòde kriz lojman nan minisipalite nou an. Ak 50 nan inite sa yo ke yo mete apa pou moun ki bezwen sèvis sipò, nou pa sèlman bay lojman abòdab epi ki an sekirite, men tou nou asire ke rezidan nou yo resevwa swen konplè yo merite. Mwen vle remèsye Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York ak Comunilife pou patenarya yo nan fè pwojè sa a vin yon reyalite. Ansanm, n ap konstwi yon avni ki pi briyan ak yon kominote ki pi enklizif pou tout moun."

**Adolfo Carrion Jr., Komisè Depatman Prezèvasyon ak Konstriksyon Lojman Vil New York, te deklare,** "HPD trè fyè pou l fè pati patenarya solid pou konstwi El Hogar Residence la. 83 inite lojman abòdab sa yo pou granmoun ki aje New York nan Bronx pral gen yon enpak pozitif dirab sou kominote ki antoure yo. Avèk sèvis sipò sou plas ak wo debi gratis pou lokatè yo, pwojè sa a se yon lòt egzanp ankò sou sa ki posib lè yo

reyabilite yon ansyen pakin pou li vin yon kay ki chanje lavi pou yon kominote ki gen gwo bezwen lojman abòdab."

**Manm Konsèy Vil New York la, Oswald Feliz, te deklare,** "Mwen remèsye tout patnè nou yo nan alafwa vil la ak nan gouvènman Eta a ki te reyini pou fè pwojè lojman sa a vin yon reyalite. Comunilife yon lòt fwa ankò demontre apwòch inovan li yo nan lojman pou moun ki gen bezwen espesyal ak sèvis sipò, ki entegre anba yon menm twati. Nouvo devlopman sa a pral ajoute anpil sou lis remakab enstalasyon ak pwogram Comunilife yo ki fè yon gwo diferans nan lavi moun."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Comunilife, Blanca Ramirez, te deklare,** "El Hogar Residences kontinye istwa plis pase twa deseni Comunilife la pou amelyore lavi Nouyòkè ki riske yo nan bay estabilite lojman ak sèvis sosyal, sante, ak edikasyon sou plas ki pral pèmèt granmoun aje yo rete manm aktif nan kominote pa yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)